



Pou Piblikasyon Imedya: 13/11/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PLIS PASE 262 MILYON DOLA NAN FINANSMAN
'BRIDGE NY' POU REPARE AK RANPLASE PON AK KANIVO LOKAL**

*Yon Inisyativ Ki Fè Pati Sipò Nivo Rekò Eta a yo pou Renouvèlman ak
Modènizasyon Enfrastrikti Wout ak Pon Lokal yo*

Finansman an pral sipòte 165 pwojè nan 95 kominote atravè Eta New York

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te anonse yo te akòde plis pase 262.2 milyon dola nan finansman amelyore bay gouvènman minisipal pou akselere renovasyon ak modènizasyon pon ak kanivo lokal nou yo. Nan kad inisyativ BRIDGE NY Eta a, sibvansyon sa yo pral finanse 165 pwojè endividyèl nan 95 kominote atravè Eta a. Finansman sa a konstwi sou 300 milyon dola nan asistans amelyore yo te rann disponib bay gouvènman minisipal yo pou pwojè akselere pou pon ak kanivo depi 2015.

“Envesti nan enfrastrikti transpò rete vital pou pwosperite ekonomik nou ansanm ak sekirite Nouyòk ak vizite egalman”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Lè nou ofri finansman BRIDGE NY bay gouvènman lokal yo nan chak rejyon nan Eta a, n ap asire pon ak kanivo rete sekirize ak fyab epi kontinye sipòte kwasans ekonomik pou deseni k ap vini yo.”

“Envesti nan enfrastrikti se yon estrateji devlopman ekonomik ki pwouve, epi isit la nan New York n ap dedye resous ak inisyativ BRIDGE NY la pou asiste minisipalite yo atravè eta a”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Adrese mank estriktirèl yo pral ranfòse rezo transpò nou an epi amelyore sekirite pou chofè ak pyeton. Finansman sa a pral pèmèt kominote envesti nan pwojè priyorite epi li se yon peman davans pou pwogrè kontini.”

Pwogram BRIDGE NY konsantre sou pwojè ki adrese kondisyon estrikti ki deteryore yo; li modere restriksyon nan zafè pwa oswa detou ki long; li fasilite devlopman ekonomik oubyen ogmante konpetitivite; ak/oubyen redui risk inondasyon.

165 pwojè yo, ki enkli 86 pon ak 79 kanivo, yo te chwazi yo an akò ak yon pwosesis konpetitif ki te konsidere, pami lòt faktè, kondisyon estriktirèl yon pon oubyen kanivo epi rezistans ak enpòtans li, yo te baze sa sou volim sikilasyon ak konsiderasyon detou. Yon lis konplè pwojè ki sibvansyone ak kantite lajan finansman disponib [isit la](#).

Yo te lokalize pwojè ki sibvansyone yo nan chak rejyon nan eta a:

Rejyon EDC	# Sibvansyon pou Pon	# Sibvansyon pou Kanivo	# Total sibvansyon	Kantite Lajan Sibvansyon pou Pon (milyon)	Kantite Lajan Sibvansyon pou Kanivo (milyon)	Kantite total lajan Sibvansyon (milyon)
Rejyon Kapital	9	15	24	\$17.37	\$12.16	\$29.53
North Country	10	8	18	\$20.02	\$4.64	\$24.66
Mohawk Valley	9	5	14	\$21.32	\$3.99	\$25.31
New York Santral	10	7	17	\$17.27	\$5.72	\$22.99
Finger Lakes	10	10	20	\$10.17	\$6.56	\$16.74
Rejyon Lwès New York	8	7	15	\$13.08	\$4.55	\$17.63
Southern Tier	15	12	27	\$28.09	\$4.85	\$32.94
Mid-Hudson Valley	11	14	25	\$25.32	\$7.71	\$33.03
Long Island	2	1	3	\$19.17	\$1.00	\$20.17
Vil New York	2	0	2	\$39.20	\$0.00	\$39.20
Gran Total	86	79	165	\$211.01	\$51.19	\$262.20

Komisè Pwovizwa Depatman Transpò (Department of Transportation), Paul A. Karas, te deklare, “Yon ekonomi ki solid depann de yon sistèm transpò ki sekirize, fyab epi pwogram BRIDGE NY nou an se yon investisman ki vitalman enpòtan nan enfrastrikti nou an ki pral ede asire moun ak machandiz rive kote yo bezwen rive a an sekirite. Gouvènè Cuomo merite pou yo aplodi li pou investisman entelijan li kontinye fè nan gwo rezo pon ak kanivo lokal nan Eta New York”.

Plan kapital senk ane Depatman Transpò a enkli 550 milyon dola nan finansman pwogram BRIDGE NY pou reparasyon ak ranplasan akselere pon ak kanivo lokal nou yo. Asistans amelyore sa a vini kòm yon adisyon sou 1 milya dola yo ofri anyèlman bay gouvènman minisipal yo pou renovasyon ak modènizasyon wout ak pon, ki rete vital pou konpetitivite ekonomik rejyonal.

Se Depatman Transpò Eta New York la ki administre pwogram BRIDGE NY epi li fè pati yon plan kapital 23.3 milya dola sou plizyè ane pou modènize wout ak pon vital ansanm ak lòt enfrastrikti transpò vital atravè Eta New York.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)